



Etid Klinik Clinical Trials

Ou te ka tandé mo “etid klinik” epi ou t ap mande kisa sa ye. Etid klinik yo se yon fason pou yo jwenn dènye tretman pou kansè.

Lè ou aprann tout sa ou kapab ak lè ou pale avèk doktè ou oswa enfimyè ou ak manm fanmi ou ak zanmi ou yo sa kapab ede ou deside si yon etid klinik bon pou ou. Ou se sèl moun ki kapab fè chwa pou patisipe nan etid klinik.

Kisa etid klinik yo ye?

Etid klinik yo se etid rechèch yo fè avèk volontè. Etid sa yo teste si yon nouvo tretman san danje ak fason li efikas. Etid klinik yo ka teste tou nouvo fason pou jwenn oswa evite yon maladi. Etid sa yo te fasilite yo jwenn anpil nouvo fason pou evite, dekouvri ak trete kansè.

Objektif etid klinik yo

Yo fè etid klinik yo pou jwenn analize nouvo tretman yo oswa nouvo pwosedi yo depre. Yo fè yon etid klinik sèlman lè gen bon rezon pou kwè tretman an oswa tès y ap etidye ka pi bon pase youn y ap itilize kounye a (tretman estanda a). Tretman yo itilize nan etid klinik yo itil moun souvan. Si sa rive, yo ka kontinye vin tretman estanda a.

Etid klinik yo kapab teste bagay tankou:

- Nouvo medikaman FDA (Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman) poko apwouve.
- Nouvo itilizasyon pou medikaman yo apwouve deja
- Tretman, tankou radyo-terapi oswa operasyon
- Remèd fèy ak vitamin
- Nouvo fason pou melanje tretman yo

Chèchè yo etidye nouvo tretman yo pou yo eseye reponn kesyon tankou sa yo:

- Èske tretman an ap itil?

- Ki pi bon fason pou bay li?
- Èske l ap efikas pi byen pase lòt tretman y ap itilize kounye a?
- Ki reyaksyon negatif tretman an lakòz?
- Ki pasyan k ap pi kapab jwenn èd nan tretman sa a?

Ki efè k ap genyen nan yon etid klinik

Si ou nan yon etid klinik, w ap gen yon ekip espè k ap pran swen ou epitou k ap siveye pwogrè ou deprè. Ou ka jwenn plis vizit doktè ak tèl laboratwa pase sa ou ta jwenn avèk tretman estanda ou.

Men gen kèk risk. Pèsòn pa konnen davans si tretman an pral efikas oswa sèlman ki reyaksyon negatif ou ta ka genyen. Se sa etid la ap eseye konnen. Menmsi pifò reyaksyon negatif yo ale apre yon sèten tan, kèk ladan yo ka dire lontan oswa yo ka menm menase lavi ou. Men toujou sonje sa vrè pou reyaksyon negatif yo pou tretman estanda yo tou.

Fason pou deside pou antre nan yon etid klinik

Si ou ta renmen patisipe nan yon etid klinik, kòmanse mande doktè ou si klinik ou oswa lopital ou fè etid klinik. Ou dwe satisfè sèten kondisyon, tankou pou gen yon sèten kalite kansè oswa pou pa ansent, pou ou kapab patisipe nan yon etid klinik. Men se oumenm sèlman ki pou deside patisipe.

Patisipasyon ou nan yon etid klinik p ap anpeche ou resevwa nenpòt swen medikal ou ka bezwen. Epitou ou libelibè pou soti nan etid klinik lan nenpòt lè, pou nenpòt rezon.

Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou etid klinik yo pou kalite kansè ou, pale avèk doktè ou oswa enfimyè ou.

Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) kapab reponn kesyon ou yo sou etid klinik yo tou. Nou kapab ba ou yon lis etid klinik y ap fè pou kalite kansè ou. (W ap bezwen di nou kichòy sou ou ak sou kalite kansè ou.) Rele nou nan nimewo 1-800-303-5691, oswa jwenn Sèvis Korespondans avèk Etid Klinik (Clinical Trials Matching Service) nou sou sitwèb nou nan www.cancer.org/clinicaltrials.

Language: Haitian Creole

Last Medical Review: 11/17/2015

Last Revised: 11/17/2015

2015 Copyright American Cancer Society

For additional assistance please contact your American Cancer Society
1-800-227-2345 or www.cancer.org